**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**
ТIЕТОЬХНАЧУ КОРМАТАЛЛИН ДЕШАРАН
ПАЧХЬАЛКХАН БЮДЖЕТАН УЧРЕЖДЕНИ
«НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАР КХИОРАН ИНСТИТУТ»

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**
ПАЧХЬАЛКХАН КАЗЕННИ УЧРЕЖДЕНИ
«НОХЧИЙН МЕТТАН ИНСТИТУТ»

# Коьртачу ишколан 3–4 классашна лерина «ЙЕШАР» проект кхочушйаран нохчийн меттан, литературин хьехархочун белхан алгоритм

**Соьлжа-ГIала**
**2024**

**Iалашо:**

3–4 классийн дешархойн нохчийн меттан, литературин хаарш (дешаран ардамаш) кхиоран кепаш кхачаме йалор:

*– дешнаш, предложенеш, шайн барамца 50 дашал кIезиг а, 70 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан (3-чу классийн дешархошна);*

*– дешнаш, предложенеш, шайн барамца 70 дашал кIезиг а, 85 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан (4-чу классийн дешархошна);*

*– йеллачу темина йешначу текстан буха тIехь, произведенин чулацамца догIуш, 3–4 предложенел кIезиг доцу йозанан аларш хIитто (3–4 классийн дешархошна);*

## Нохчийн меттан, литературин хьехархочун болх кхочушбарехь рекомендацеш

### 1. Нохчийн меттан, литературин тIетоьхна белхаш кхочушбархьама дешархошкахь хила деза хIокху барамехь тетрадаш:

| № | Предмет | 3–4 классаш |
|---|---|---|
| 1 | Нохчийн мотт | 1 тетрадь |
| 2 | Нохчийн литература | 1 тетрадь |

Дешархоша пайдаоьцу 12–18 кехатах лаьттачу шуьйра могIанаш долчу стандартни тетрадех.

Предметан тетрадь цIена лело деза. Цуьнан мужалта тIехь хила дезачу йозанан кеп:

Соьлжа-ГIалин № 3 йолчу гимназин
3 классан дешархочун
Эскиева Асетан
нохчийн меттан
тIетоьхначу белхийн тетрадь

---

ГIойтIара №1 йолчу йуккъерчу ишколан
4 классан дешархочун
Адамов Аюбан
нохчийн литературин
тIетоьхначу белхийн тетрадь

### 2. Нохчийн меттан тIетоьхна белхаш вовшахтохар кхочушдо кIиранах цкъа.

КIиранан хьалхарчу урокехь 3-чу классийн дешархошна шен барамца 50 дашал кIезиг а, 70 дашал сов а йоцу текст ло цIахь схьайазйан. 4-чу классийн дешархошна шен барамца 70 дашал кIезиг а, 85 дашал сов а йоцу текст ло цIахь схьайазйан.

Цу дийнахь дешархошна нохчийн меттан урокехь цIахь кхочушбан цхьаннал сов йозанан болх ца ло, оьшуш хилахь Iамийнчу темина тIетоьхна цIера болх бала йиш йу барта кхочушбан: бакъо Iамо, и. д. кх. а. ТIейогIучу

дешаран урокехь дешархоша болх кхочушбина а, таллам бан дIабелла а хила беза. Хьехархочо дешархойн белхаш толлу. Маххадоран критерешца йогIуш, тетрадаш тIе оценкаш хIиттайо. ТIедогIучу кIиранахь тетрадаш дешархошка дIало керла болх кхочушбайта.

**Билгалдаккхар.** *Кечйинчу кепа тIера схьайаздар – тIера схьайазйан луш йолу текст, элпаш йукъахдитина доцуш, тIетоьхна тIедаххарш доцуш хила йеза; оцу белхан Iалашо йу, гIалаташ а, талхорш а доцуш, текст нийса схьайазйар.*

***Схьайаздаран йаццйина алгоритм.***

*1. ДIайеша предложени, иза йуха дагахь схьайиийца.*

*2. ДIайеша предложени кхин цкъа а, иза йазйина ма-йарра.*

*3. Предложени дIайазйеш, хIора дош деша хьайна дагахь ма-латтара.*

*4.Йазйинарг талла. ХIора дош деша. Текст схьайелла, йазйинарг текстаца йуста.*

**3. Нохчийн литературин тIетоьхна белхаш вовшахтохар кхочушдо кIиранах цкъа.**

КIиранан шолгIачу урокехь 3–4-чуй классийн дешархошна цIахь кхочушбан безачу йозанан белхан тIедиллар ло билгалйаькккхинчу темина йешначу текстан буха тIехь йозанан алар хIотто. Алар 3–4 предложенел кIезиг доцуш хила деза.

Цу дийнахь дешархошна нохчийн литературин урокехь цIахь кхочушбан цхьаннал сов йозанан болх ца ло, оьшуш хилахь Iамийнчу темина тIетоьхна цIера болх бала йиш йу барта кхочушбан: произведени къастош йешар, чулацам схьабийца кечамбар, и. д. кх. а. ТIейогIучу литературин урокана дешархоша болх кхочушбина а, таллам бан дIабала кийча а хила беза.

Хьехархочо дешархойн белхаш толлу. Маххадоран критерешца йогIуш, тетрадаш тIе оценкаш хIиттайо. ТIейогIучу литературин урокехь тетрадаш дешархошка дIало керла болх кхочушбайта.

**4. Нохчийн меттан белхан маххадоран критереш**

| № | Класс | Толлу хаарш | Маххадоран критереш |
|---|---|---|---|
| 1 | 3 | Дешнаш, предложенеш, шайн барамца 50 дашал кIезиг а, 70 дашал сов а йоцу тексташ нийса | **Белхан мах хадабо цхьана оценкица**<br>**Оценка «5»** хIоттайо цхьа а гIалат доцчу балхана, ткъа иштта цу тIехь 1 доккха доцу орфографически йа 1 доккха доцу пунктуационни гIалат далийтинехь.<br><br>**Оценка «4»** хIоттайо 2 орфографически а, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | схьайазйан | 2 пунктуационни а гӀалат далийтинехь, йа<br>1 орфографически, 3 пунктуационни гӀалат йа, цхьа а орфографически гӀалат доцуш,<br>4 пунктуационни гӀалат далийтинехь.<br>Оценка «4» хӀотто йиш йу 3 орфографически гӀалат далийтинехь, нагахь царна йукъахь цхьана бакъонна гӀалаташ делахь.<br><br>**Оценка «3»** хӀоттайо 3–5 орфографически а,<br>4 пунктуационни а гӀалат далийтинчу балхана. Оценка «3» иштта хӀотто йиш йу<br>6 орфографически а, 6 пунктуационни а гӀалат далийтинехь, нагахь царна а, вукхарна а йукъахь доккха доцу а, цхьана бакъонна а гӀалаташ делахь.<br><br>**Оценка «2»** хӀоттайо, нагахь балха тӀехь гӀалаташ оценка **«3»** хӀотторан барамал сов делахь |
| **2** | **4** | Дешнаш, предложенеш, шайн барамца 70 дашал кӀезиг а, 85 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан | **Белхан мах хадабо цхьана оценкица**<br>**Оценка «5»** хӀоттайо цхьа а гӀалат доцчу балхана, ткъа иштта цу тӀехь 1 доккха доцу орфографически йа 1 доккха доцу пунктуационни гӀалат далийтинехь.<br><br>**Оценка «4»** хӀоттайо 2 орфографически а,<br>2 пунктуационни а гӀалат далийтинехь, йа<br>1 орфографически, 3 пунктуационни гӀалат йа, цхьа а орфографически гӀалат доцуш,<br>4 пунктуационни гӀалат далийтинехь.<br>Оценка «4» хӀотто йиш йу 3 орфографически гӀалат далийтинехь, нагахь царна йукъахь цхьана бакъонна гӀалаташ делахь<br><br>**Оценка «3»** хӀоттайо 3–5 орфографически а,<br>4 пунктуационни а гӀалат далийтинчу балхана. Оценка «3» иштта хӀотто йиш йу<br>6 орфографически а, 6 пунктуационни а гӀалат далийтинехь, нагахь царна а, вукхарна а йукъахь доккха доцу а, цхьана бакъонна а гӀалаташ делахь.<br><br>**Оценка «2»** хӀоттайо, нагахь балха тӀехь гӀалаташ оценка **«3»** хӀотторан барамал сов делахь |

**5. Нохчийн литературин маххадоран критереш**

| № | Класс | Толлу хаарш | Маххадоран критереш |
|---|---|---|---|
| 1 | 3-4 | Билгалйаьк-кхинчу темина йешначу текстан буха тІехь, произведенин чулацамца догІуш, 3–4 предложенел кІезиг доцу йозанан алар хІотто | **1. Алар темица догІуш хилар, тема схьайеллар**<br>**2 б.** – алар темица догІуш ду, нийса жамІаш чулоцу.<br>**1 б.** – алар темица йукъ-кара догІуш ду/тема йукъ-кара схьайиллина.<br>**0 б**. – алар темица догІуш дац.<br>**2. МаьІнин цхьаалла.**<br>**1 б**. – алар маьІнин цхьааллица къаьсташ ду.<br>**0 б. –** аларехь маьІнин цхьаалла йац, алар шеца маьІна долуш дац.<br>**3. Къамелан говзалла а, нийса хилар а.**<br>**2 б. –** алар къамелан говзаллин а, меттан гІирсаш нийса харжаран а лехамашца догІуш ду, къамелан гІалаташ дац.<br>**1. б. –** алар къамелан говзаллин лехамашца догІуш ду, амма къамелан гІалат йа меттан гІирсаш харжарехь доккха доцу кхачамбацар далийтина.<br>**0 б. –** алар дешнийн хьал къен хиларца къаьсташ ду, къамелан гІалаташ далийтина.<br>**Лаккхара балл – 5 балл**<br>*Белхан маххадорехь тидаме эца беза аларан барам, нагахь барам хила безачул лахара белахь, йаьхначу баллаш тІера цхьа балл дІайоккху* |

**Баллаш пхеабаллан тІегІане йахар**

| Баллийн барам | Оценка |
|---|---|
| 5 б. | 5 |
| 4 б. | 4 |
| 3 б. | 3 |
| 0–2 б. | 2 |

Четверть йа триместр чекхйолуш, тетрадаш тІе хІиттийна оценкаш вовшахтухий, йуккъера балл билгалйоккху. Иза журнал тІехь четвертан йа триместран оценкина хьалха йолчу колонки чу дІахІоттайо.

## Йуххедиллар 1

Массо а дешархочунна цIахь схьайазйан луш йерг цхьа текст йу.

## Тексташ

## 3 класс

**1. Схьайазйе текст.**

Стовно дегI меллаша доккху. Иза башха лекха ца хуьлу. Амма хIора шарахь шена тIерачу стоьмаша цуьнан дуткъа генаш саттадой хуьлу. Заза массо а дечигал хьалха даккхахь а, цуьнан цIен стоьмаш гурахь бен ца ношло. Хьуьнхахь хуьлуш болу массо стом нIаьно талхабо. Стовнна нIаьна ца бо, иза талха а ца телха. (50 дош)

*Хь. Хасаев*

**2. Схьайазйе текст.**

### Гуьйре тIекхочуш

Хаза лаьттина и йовха аьхке чекхйолуш йара. Аьхке чекхйаларх-м Iалам а, массо а садолу хIума а саготта дацара. ТIекхочуш берг токхе мур бара – гуьйре! Уггар хьалха гуьйре тIекхочийла, цунна кечам бан безийла хаийтира мангалхоша.

Iуьйранна дIахIуьттий, мангалхой, де дохдалале мангал хьокхий а бовлий, де дохделча, кхорийн IиндагIехь садоIуш хуьлура. (51 дош)

*Хь.Хасаев*

**3. Схьайазйе текст.**

Хина тIай туьллуш диллинчу уьна тIехула дехьадолуш доллура жIаьла. Цуьнан багахь жижиган потт йара. Хи чохь шен сурт а гина, цунна моьттира цигахь жижиг дохьуш догIуш кхин жIаьла ду.

Шен жижиг дIа а кхоьссина, иза тIекхийтира вукху жIаьлина, цуьнгарниг схьадаккха. Амма цунна моьттуш долу жижиг данне а дацара, ткъа шениг цо хин тулгIене дIадахьийтира. (54 дош)

**4. Схьайазйе текст.**

### Стоьмийн бешахь

Султана берашка хаьттира:

– Бошмаш талхочу зуламечу садолчу хIуманашца къийсам муха латтабо аш?

Цу хаттарна жоп делира цхьана хьаьрсачу кIанта.

– Шен хеннахь молханаш а тухуш, хIора диттана талламаш беш, цхьайолу садолу хIуманаш хIаллакьйина оха. Доккха гIо до бошмашна олхазарша а. И садолу хIуманаш церан мерза кхача бу. Олхазарш къехка ца до оха, мелхо а, тIекIадо. (56 дош)

I.Гайсултанов

**5. Схьайазйе текст.**

**Iаьнан хьаша**

ДIаделира Iа. Оццул къиза деана иза эшош, хьаннашкара ло дешаш, Iоврашца эшарш лоькхуш, Iалам самадоккхура бIаьстено. Бераша хоьхкучарна хьовха, йаккхийчу салазашна а тIай хилла лаьттина буто ша башош, хIора денна лакхабуьйлура малх, шен некъ бахбеш. Цо ша паргIатдаккхарна хастам беш, дийнна шен тархаш текхош уьдура аьрха Орга. ДIайелира бераша гIулгех ловзуш экъа шершийна майда. (56 дош)

*Д. Кагерманов*

**6. Схьайазйе текст.**

ДIаоьхура денош. ТIекхечира Iа. Дуьххьарлера ло а деара. Iа Iаламат хаза хуьлу хьуьнхахь. Лайно латта, бамба тесча санна, кIайдинера. Дечиган гаьннаш дазделлера лайх. Хьаннийн баххьашкахь, лаьмнийн кортошкахь даьржина Iуьллура кIайн хьаша. Лаьмнашкахула хьийзаш долчу гIашлойн гаттийчу некъийн лар йайнера. Массанхьа а беркате ло диллинера. Цу дийнахь дешархой сакъералуш бара, уьш переменехь вовшашна лайн мижаргаш детташ ловзура. (56 дош)

**7. Схьайазйе текст.**

**Коран ангали**

Селхана тхан командаш футболах ловзарх лаьцна хир ду хьуна цо бохург дагадеанчу ас цIаьххьана куьг дIаластошшехь дIакхетта, коран ангали дохийра. Соьгара йаьлла ледарло Iабдулла воцчунна цхьанна а ца гира.

Бераш схьагулделира. Горгали бийкира, хьехархо чувеара. Тхо, сихха хьала а гIевттина, охьахевшира. Сайн коьртах цIе йаьлла моьттуш Iара со, дохийна ангали гучудаларна кхоьруш. Иза-м гира хьехархочунна. (57 дош)

*Ж.Махмаев*

**8. Схьайазйе текст.**

Iуьйранна доладелла догIа делкъхан хуьлуш сецира. Марханех паргIатйолуш йара стигал, серлайолуш лаьттара арахь. Кораш кIел лаьттачу

дитте хьежа велира Сайда. Цкъа а тергалдина дацара цо иза. Ткъа хIинца, мел хьийжи а тоам ца хуьлуш, хьоьжура. Туьркан дIасадаьржинчу генаш тIехь, цхьамма туьтеш оьхкича санна, догIанан сирла тIадамаш кхозура. ЧIогIа исбаьхьа гора тахана и дитт, цунна тIера и жовхIарш. (57 дош).

**9. Схьайазйе текст.**

**Хьуьнхахь Iа**

Тийна ду хьуьн чохь. Хезаш дац шах-тата. Керла диллинчу лайно дечигаш дIахIиттийна, тIе кIайчу кисех, бамбех дина йургIанаш оьхкича санна. Мичча агIор хьо дIахьаьжча а, кIайделла дуьне бен гуш хIума дац. Дикка тидам бича, хьун йеса йоцийла хаьа. Дитташ тIехь гуш олхазарийн Iаьржа баннаш ду. Уьш деса ду, олхазарех цхьадерш бовхачу мехкашкахьа идош, хьуьнхахула кхерсташ лела. (58 дош)

*Хь.Хасаев*

**10. Схьайазйе текст.**

**Селасат**

ГIа-буц йаьлла хьун а, беш а йукъайелча бен, Iа даккха даханчуьра йуха ца доьрзу селасат-олхазар. Цуьнан бен лекхачу диттийн баххьашкахь хуьлу. Селасато хазачу шакаршца эшарш лоькху, ладогIа дог доуьйтуш. Селасатан эшарш хазачу маттера цIаьххьана, стаг цецвоккхуш, цIоган тIе ког баьккхинчу цициган санна, гIовгIане йоьрзу. И аз хьенан ду ца хууш, цецвала тарло. Иза а ду селасатан аз. (58 дош)

**11. Схьайазйе текст.**

**Наркаш**

Коьллийн генаш тIехь можа бос болуш дукхе-дукха луьста, леррина тIелатийча санна, гIад гуш доцуш цхьа цIазамаш ду схьагуш. Уьш наркаш йу. Цу тIерачу стоьмех чIогIа дика а, мерза а варени хуьлу, могашаллина Iаламат пайдехь даьтта а доккху.

Хьуьнхара богIучу некъана дехьа а, сехьа а хьаьмцаш, элхьамцаш, стеш хуьлу.

Хьуьно ша йолчу маьрша веанчунна комаьршаллица гучуйоккху шен бух боцу хазна. (60 дош)

*Хь.Хасаев*

**12. Схьайазйе текст.**

ДӀалекхира пондар. Туьйхира вота, тӀараш, геманаш. Йукъалилхира жухаргаш. ТӀаккха тӀехьаьддачу царах цхьаммо халхавала йукъаваьккхира йукъах йиххина жима шаьлта а йолуш, хазачу духарца кечвелла, 12 шо кхаьчна волу кӀант. Йуьртахь а гӀараваьлла дика хелхарча а, пелхьо а вара иза. Цуьнца хелхайалар тӀедожийра цуьнан йишина. Совнаха хӀума йукъахь доцуш, цхьана эшшара болар а, меженаш а лелош, чӀогӀа хаза дора цу шиммо халхар. (60 дош)

*В. Матиев*

**13. Схьайазйе текст.**

**Аьрзу**

Боккхачу некъа тӀехь, хӀордана генахь шен бен а бина, кӀорнеш йехира аьрзуно.

Цуьнан бен тӀехь болчу дечигна кӀелахь цхьана дийнахь болх беш бара нах, ткъа аьрзу йеара шен бене, мӀарашца лаьцна боккха чӀара а бохьуш. И чӀара а гина, адамаша дечигна го бира, уьш маьхьарий а детташ, аьрзуна тӀулгаш кхийса бевлира.

Аьрзуно чӀара охьатесира, адамаш и чӀара а эцна дӀадахара. (61 дош)

*Л.Толстой*

**14. Схьайазйе текст.**

**Стоьмийн бешахь**

Некъан шина а агӀор дийгӀинчу диттийн генаш лакхахь вовшахъийна ӀиндагӀа а долуш, генна дӀа бара некъ. Йаккхий бошмаш стоьмех йуьзна йара. Шерра схьахезара эшарш, иллеш. Белхаш беш а доцуш, адамаш сакъера бошмашка гулделча санна хеталора. Некъана шина а агӀор дитташна йуккъехула гора цӀена бедарш йуьйхина адамаш. МаьӀ-маӀехь дитташна йуккъехь, жима а паргӀато йолчу майданашкахь, моггӀара дӀахӀиттийна бес-бесара басарш хьаькхна накхарийн йаьшканаш йара.
(64 дош)

*Ӏ.Гайсултанов*

**15. Схьайазйе текст.**

**МазлагӀехь**

– Накхармозий бохий аш? Уьш хьанал а, оьзда а дийнаташ ду. Жуккаралла ца лов цара. Дургал ца кхоьхьуш, кийча моз даа лууш йерш цкъа-шозза аратесначул тӀаьхьа, йуха шайна накхар чохь карайахь, йен а йоьй, аратосу. Дургал йохьуш чуоьхучу накхармозашна йукъаоьй, «неӀарерчу

гІазанчех» ларлуш чуйоьду-кх иза. Йаа мерза йезахь, хьанал болх бе, боху. ДІахьедарх кхета ца лаахь, шайн Іедалехь кхиэл йо-кх. Цхьадолчара дургал тІекхоьхьу, вукхара улхана чу дІанисдо. (67 дош)

*Д.Кагерманов*

**16. Схьайазйе текст.**

**БІаьстенан чаккхе**

Хаза бІаьсте чекхйолуш лаьттара. ТІейогІуш йара беркате аьхке. Аьхке адамашна уггаре а каде мур бу.

Массо а акхарой, олхазарш шайн бІаьста дуьнен чу йевлла кІорнеш кхиош, Іалашйеш, уьш кога йохуьйтуш, синтем боцуш лелара. БІаьста санна, эшарш лоьккхуш, ловзуш лела йиш йацара.

Іуьйранна синбилгалонаш гучу ма-йевллинехь, хьала а гІаьттина, хьо араваьлча, хьан бІаьрг кхийтира Орган тогІи чухула дижинчу дахкарх, ткъа бацалахь, жовхІарш санна, лепаш тхи дара. (67 дош)

*Хь. Хасаев*

**17. Схьайазйе текст.**

Къанбеллачу ножан эттІачу чкъура йуккъера Іа даккха дІалевчкъина йолу садолу хІуманаш йууш, цуьнан гІода тІехула охьий, хьалий лелаш гуш дара цхьа жима олхазар. Цо шен йу санна йуткъа, сеттина зІок йуккъе а оьхуьйтуш, ножан кевстиг бухара схьа а йохуш, сагалматаш йуура.

Иза текха-хьоза дара, цунна йуххехь уллорчу ножа тІехь шен болх беш дара хенакІур цІе йолу олхазар а.

Хьун а, цуьнан «бахархой» а шайн Іаьнан мур дІахьош бара. (68 дош)

*Хь. Хасаев*

**18. Схьайазйе текст.**

**Іалам хаздан деза**

Іаламо шен терго цайечунна тешнабехк бо. Дерриг дуьне адамийн башха цІа ду. Хьо вехачу цІа чохь санна, Іаламехь а дерриг, хила ма-доггІура, дІанисдина хила деза.

Хьуьнхахь хІуо цІена хІунда хуьлу? Дитташа цІандо иза! Вешан йуьртахь уьш дукха мел дийгІи, хІаваъ цІена лаьттар ду вайн. Адамийн могашаллина оьшуш ду иза, вай дуу бепиг санна. Кхетий шу? Синтарш дийгІина а дика гІуллакх дина аш. Дика бераш ду шу. (69 дош)

*I. Гайсултанов*

**19. Схьайазйе текст.**

**Лагерехь**

Беха цIулла сара баьккхира кIанта. Иштта нийса сара гина бацара цунна.

Малх делкъал тIаьхьенга лестинера. ЦIаьххьана дагавелира Саша, вухаверза веза ша аьлла. Схьаихинчу новкъа ваха а гIерташ, дIаволавелира иза. Амма билгало йолуш цхьа а хIума ца хаалора. Тидам ца бинера. Эххар а кхийтира иза, схьавеанчу новкъа ша вухавоьдуш цахиларх. Болар сихдира цо. ХIинца хIumманах а самукъа ца долура, цхьа лаам бара дерриг са дIалаьцна – сихха кху хьуьнхара аравалар. (69 дош)

I.Гайсултанов

**20. Схьайазйе текст.**

**Акха гезарий**

Акха гезарий вайн лаьмнийн Iаламан хазачу дийнатех цхьаъ йу. Къаьсттана хаза хуьлу бож. Божан схьадеана хьаж а, коьрта тIехь, тур санна сеттина а йолуш, йуккъера хара а, хьалхарчу агIон тIехь тIулгаш санна шеддаш а долуш, метрал йеха ши маIа хуьлу.

МаIаш тIехьа хаза жима лерташ ду. Царна тIера тIаргIа хуьлу хьаьрса а, Iаьржа а бос болу хьоьхнаш а йолуш. ЦIога доца хуьлу, когаш шишша берг йолуш бу. (69 дош)

*Хь. Хасаев*

**21. Схьайазйе текст.**

**Муьргаш**

Йуькъачу хьуьн чуьра ирзошкахьа ара а ваьлла схьавогIуш, цIаьххьана тидам хуьлу гондхьарчу дитташна а, коьллашна а йуккъера гуш болчу цхьана цIечу стоьмийн. Уьш муьргаш йу, тхо гой хьуна бохуш санна, льатта.

Хьал ца хуучунна хетадала тарло, «царах-м хIун дийр дара» аьлла. Уьш схьа ца йохуш йуьтийла дац. Iай шелвелча, кхехкийнчу муьргийн довха хи малахь, дегI меттадогIур ду, йовхарш йелахь, уьш дIайевр йу. Иштта дарбане йу муьргаш. (69 дош)

*Хь. Хасаев*

**22. Схьайазйе текст.**

**Сан Даймохк**

Сан къона доттагIий! Вай вешан Iаламан дай ду, иза вайн дахаран сийлахь хазна йу.

И хазнаш ларйарх тоам бан ца оьшу – уьш гучуйаха, гайта йеза.

ЧIерашна цIена хи деза – лардийр ду вай вешан хиш, Iаьмнаш. Хьуьнхахь, лаьмнашкахь тайп-тайпана мехала дийнаташ ду – лардийр йу вай вешан хьаннаш, аренаш, лаьмнаш.

ЧIерана хи, олхазарна хIаваъ, экханна хьун, аре, лаьмнаш деза.

Ткъа адамашна оьшу Даймохк. Iалам лардар – иза Даймохк ларбар ду. (69 дош)

*М.Пришвин*

**23. Схьайазйе текст.**

**Декалахь, сан илли...**

Дагаев Валид халкъан иллиалархо ву. Цуьнан иллеш халкъан дахарх дуьзна, халкъах, Даймахках лаьцна ду. Валидан кхолларалло йист йоцуш шена чулаьцна заманан йохалла вайн халкъо гулдина хаза гIиллакхаш. Цунна тоьшалла ду Дагаевн иллеш, ткъа уьш цо ша а доху. Цо олу Сулаев Мохьмадан, Сулейманов Ахьмадан, Рашидов Шаидан, иштта дIа дуккха а кхечу авторийн дешнашца.

Дахаран ницкъ ойъуш, халкъан дог-ойла йуьйцуш дека РФ-н Халкъан артистан Дагаев Валидан зевне аз. (70 дош)

**24. Схьайазйе текст.**

**Мокха хьоза**

Каде хьийза бIаьста мокха хьоза. Иза къардайна олхазар ду. Уьш даим вовшашца девне хуьлу. Кор диллина хилча, корах чу догIий а, рагIу кIелахь лаьттачу пхьегIаш чу хьожий а, шена амал бо оцу хьозано. Цо деш дерг доккха зен дац, цо бечу пайдане хьаьжча. Оцу къардайначу хьозано цхьацца кIеда хIуманаш лахьош, шена бен бо. КIорнеш цо кхобу стоьмаш тIехь хуьлуш долу зуламе нIаьний даош. Цундела Iалашдан деза и олхазар. (70 дош)

## 4 класс

**1. Схьайазйе текст.**

**Оха болх а бо, деша а доьшу**

– Гурахь а, бІаьста а латта тодира оха. Май баттахь хІу дІадийра. Иза тІе ма-делла, асарш деш, нилха йохуш, хи детташ, белхаш бира оха. Хилла йаьлла наьрсаш, ши де мосазза дели, схьайохура.

– Помидораш дІайуьйгІира оха, латта цкъа хьалха дика то а дина. ДІайугІуш йерг дик-диканиг хаьржина йуьйгІира. Къаьсттана помидораш тІелаточу хенахь дукха хи диттира оха. Ткъа цара зазадоккхучу хенахь хи тохар мелла а лахдира. (70 дош)

*З. Муталибов*

**2. Схьайазйе текст.**

**Гуьйре тІекхочуш**

Аьхка, букъарш санна, дуькъа, даьржина догІуш хиллачу Органо а бора шегара хаам. Иза дистинчуьра чудоьжнера.

Аьхка Органо ша схьадогІу чоь кест-кеста хуьйцу, ткъа гуьйренгахьа лестича, гуттаренна цхьана меттехула охьадогІу йуха аьхке тІекхаччалц.

Билггал гуьйре тІекхочуш хилар гойтуш, стиглара схьа хаам бира. Уьш гІаргІулеш йара, шайн некъан узам а беш, низам ца дохош, къилбехьа довхачу мехкашка Іа даккха йоьлхуш.

Іодика йеш санна, йуьрта тІехула ши-кхо го баьккхина, гІаргІулеш къайлайевлира. (70 дош)

*Хь.Хасаев*

**3. Схьайазйе текст.**

Халиддий, Аьстамиррий цхьана дакх кІелахь садоІуш Іара. ДІахьаьжча, кхеран бІаьрг кхийтира шайга хьоьжуш лаьттачу жимачу экханах.

Цунна йуххехь ши буьхьиг а йара. Хьежа кІордор доцуш хаза экха – лу – дара гуш дерг...

Лу – жима сай бу. Вайн лаьмнашкахь а, Соьлжан тогІенашкахь а йолчу хьуьнхахь хуьлуш ду иза.

Лунан дегІ дайн ду. Бос аьхка таьІІана-хьаьрса, Іай сира хуьлу, чу-кІело сирла-кІайчу басахь.

Цуьнан кхача буцций, гIашший, коьллийн, дечигийн орамашший, хьуьнан стоьмашший, цIазамашший ду. (70 дош)

*Хь. Хасаев*

**4. Схьайазйе текст.**

**Пхьагалш**

Хьуьнан пхьагалш буьйсанашкахь дечигийн кевстигаш йууш йежа, аренийн пхьагалш гурахь дийна йалташ, буц йууш йежа, хьаьттаран пхьагалш хьаьтташкара йалташ дууш йежа. Буьйсанна пхьагалша лай тIе кIоргга а, гуш а йолу лар йуьллу. Пхьагалшна тIаьхьадевлла адамаш а, жIаьлеш а, берзалой а, къийгаш а, аьрзуш а. Нагахь нийсса дуьхьал дIа лелаш хилча, иза Iуьйранна цу сохьта лар йолчухула карор йара, лоцур йара, амма пхьагал кIилло йу, кIиллолло иза кIелхьара а йоккху. (70 дош)

*Л.Толстой*

**5. Схьайазйе текст.**

Тамашийна хуьлу ДегIастан Iаьнан тIаьххьара мур. Хьал цахуург атта Iехор ву цо. Цхьадолу денош хуьлу, бIаьстенан денош санна, довха. Иштгачу деношкахь малх а хуьлу, бIаьста санна, доллу хIума серла а доккхий. Цуьнан йовхачу зIенаршца массо а садолчу хIуманан са паргIат а доккху, церан са а къерадолуьйту.

Иштта денош даьхкича, дукхаха болчу хIусамнаноша эсий кIаранаш чуьра уьйтIа а дохий, уьш уьйтIахула уьдуьйту. Кегий бераш хуьлу, царах чIогIа самукъадолий, царна тIаьхьа девдда лелаш. (71 дош)

**6. Схьайазйе текст.**

**Ломмий, дахкий**

Лом наб йеш Iуьллура. Цуьнан дегIа тIехула дахка дIахьаьдира. Цо, сама а даьлла, иза схьалецира. Дахка, ша дIахецахьара бохуш, дехарш дан буьйлира; цо элира:

– Нагахь ахь со дIахецахь, ас цхьа дика дийр ду хьуна.

Дехко шена дика дийр ду бохучух ца дешаш, дела а делла, лоьмо иза дIахийцира.

ТIаккха таллархоша схьа а лаьцна, лом муьшца дIадихкира. Лом Iоьхуш а хезна, бедда беанчу дехко, цергашца къажбеш муш а цестина, элира:

– ДагадогIий хьуна, хьо деладелла. (75 дош)

*Л. Толстой*

**7. Схьайазйе текст.**

**Іаьнан а, аьхкенан а хилла къовсам**

Цкъа цхьана заманахь Іай, аьхкей ши доттагІ хилла. Вовшашцა чІогІа бертахь дехара ишиъ. Йа башха шийла а йоцуш, йа тІехйаьлла йовха а йоцуш, гІеххьа цхьанаэшшара лаьтташ хилла арахь. Іаламо а, адамаша а, дийнаташа а, олхазарша а дагахь чІогІа къобалдеш хилла иштта барт тайна церан дахар. Амма тІаьххьара а хьагІ йоьлла цушинна йуккъе: Іаьнна лиъна, ша ма-дарра Іа хилла дІахІотта а, шен мел хІун дан ницкъ кхочур бара аьхкенна дІагайта а. (76 дош)

*1. Чантиев*

**8. Схьайазйе текст.**

**Іаьнан оьгІазло**

Іаьнна дагадеара массо а садолу хІума шелонца кхеро. Цкъа хьалха олхазаршна тІедирзира иза. Олхазарш бовхачу махка дІадахара. Іадаккхა дисинарш шайна ижу лоьхуш кхерстара.

ТІаккха акхарошна тІедирзира Іа. Аренашка а, хьаннашка а шортта ло диллира. Акхарой кхера ца йелира. Цхьайолчеран йовха кетарш йара, вуьйш лаьттах Іуьргаш а даьхна, дІалевчкъира.

ЧІогІа оьгІаздахара Іа. Шелоно татолашна а, Іаьмнашна а ша бира. ЧІерий хи буха дахара. Берийн чІогІа самукъаделира. Цара салазаш хоьхкура, лайн мижаргех ловзура, лайн бабанаш йора. (76 дош)

**9. Схьайазйе текст.**

**Синтарш дегІар**

Некъан йистехьо меттиг билгалйира Лоьмина а церан хьехархочо. Белаца кІаг баккха хІоьттира Лоьма. ТІехула семса делахь а, бухара чІогІа дара латта. Лоьмина йуьхьа тІе хьацар тоьхнера. КІаг баьккхина а ваьлла, синтар дІадуьйгІира кІанта. Цу дийнахь вукху берашна а гІо дира цо беш йугІуш.

Цул тІаьхьа кІира а, бутт а хан йелира. Дукхах долу синтарш денделла, гІа а даьлла дІахІиттира. Ша занятера ваьлча, кест-кеста хи тухура Лоьмас ша доьгІначу синтаршна а, цунна йуххерчу вукху синтаршна а. (77 дош)

Х.Берсанов

**10. Схьайазйе текст.**

Хиллачух ца кхийтира Хьажмурддий, Шахьбий. ХІаваэ лакха хьала а долий, тІемашца гонна хьийзаш, ижона бІаьрг кхарстабо кІайчу куьйрано. Мел генара хІума го цунна. Иштта сирла ду цуьнан бІаьргаш. Ломахь болу дахка а, моьлкъа а, жима олхазар а, кхидолу дийнат а шена гича, тІемаш

дегIаца охьа а дийшадой, тIулг санна, тIаьхь-тIаьхьа чехка а долуш, чухецало иза. Цуьнан чехкаллина кIелхьардала ницкъ ца кхочу мел масачу олхазаран а. Шен чехкаллица цо хIаваъ этIош, мохца доккхучу шакаран татанах къаьхкий, доду олхазар. (77 дош)

*Х. Берсанов*

**11. Схьайазйе текст.**

**Хьуьнан акхарой бIаьста**

Дуькъачу кIоргачу Iин чохь йа хьуьнан хотешкахь, хина гена доцуш, хуьлу берзан Iуьрг. Цо цкъа а ца йо шена хIусам. Кхечу экхано тесна йитина «хIусам» шена то а йой, кечйо барзо. Цхьогалан йа даIаман «хIусам» тойо цо шена.

КIезий кхиош, кхобуш дакъалоцу боьршачу барзо. Нагахь кIезашна кхерам белахь, берзалоша уьш чIогIа лардо йоккхачу майраллица. Нагахь церан «хIусамна» тIадам кхаьчна меттиг хилча, берзалоша шайн кIезий кхечанхьа дIакхалхадо. Берзалоша зен до хьуьнан акхарошна, уьстагIий, бежанаш хIаллакдо. (77 дош)

*Хь. Саракаев*

**12. Схьайазйе текст.**

**БIаьстенан аматаш**

Йеана тIехIоьттира бIаьстенан Iуьйре. Лаьмнаш тIехьара схьакъедира сирла малх. Цуьнан зIенарш хьуьнан диттийн баххьашкахула кхерстира. Коьллашна а, бацана а тIедиллинчу тхин тIадамаш лепара бес-бесарчу басаршца. Йеххачу буса тийна дижина Iиллича санна, набарх долуш лаьттара Iалам. Иза бIаьстенан малхана доьлура: хьун, акхарой, сагалматаш. Хьаннийн татолийн бердашца девллачу таьллаша уггар хьалха хаийтира бIаьсте йогIуш йуйла.

Цуьнан дуткъачу нийсачу гаьннаш тIехь гуш заза дара. Толлан заза, дешица кхелича санна, можа-цIен бос болуш хуьлу, цициган цIога санна, месала а долуш. (78 дош)

**13.Схьайазйе текст.**

**Аьхкенан йуьхь**

Де сиха дох а делла, аьхкенан дуьххьарлера тов лаьттара. Генарчу ломан тарха тIехь, меттах а ца хьовш, кхозура йоккха, бамбанах тера, кIайн марха. Йуьртан бошмаш, тоххара заза охьа а дожийна, хIинца йуьккъа сенйелла, буса дилхинчу догIанаша ченах цIанйина, малхехь гIаш лепош, шабарш а деш, мела лестара. Бошмийн генашлахь эзар олхазарийн аьзнаш декара адамашна ца хуучу маттахь, кху аьхкенан хазалла хестош. ТавсолтагIеран кертарчу стелахаьштиго дагийнчу дерзинчу кхуран гаьн тIехь, цхьаъ-м дуьйцучух тера, вовшийн лере а таьIна, Iара къоркхокхий. (79 дош)

*Хь.Саракаев*

**14. Схьайазйе текст.**

**БIаьлланг бIараш**

Хьуьнхахула волавелча, мажделла охьаэгначу гIаш йуккъехь карадо бIараш. Уьш, цIен бос болуш, дуьзна хуьлу. Диканиг бен бIаьлланга тIера охьа а ца дужу. НIаьно талхийнарг тIехь дуьсу.

БIараш лахьош лелачу хенахь, хьуна хьалхара дIаоьккху цхьа экха. Иза тарсал йу. Цу жимачу экханан беснеш, буьрка санна, йусайелла гахь, хаалахь, цуьнан бага бIарех йуьзна йуйла. Уьш цара, шайна Iаьнна кечам беш, дIадахка хьош ду шайн хари чу. Иштта адамашна а, дийнаташна а пайдехь йу бIаьлланг. Вай хьуьнан бIар а олу цунах. (80 дош)

*Хь. Хасаев*

**15. Схьайазйе текст.**

**Вайн республика**

Мохк алсам хиларехь Къилбседа Кавказехь вайн республика йаккхийчех цхьаъ йу.

Нохчийчохь ду исбаьхьа лаьмнаш а, даккхийра а, кегийра а хиш а, шайна чохь тайп-тайпана акхарой а, олхазарш а долу баьццара хьаннаш а, шера аренаш а.

Вай халкъан культура а, дешар а кхиорехь баьхна баккхий кхиамаш. Республикехь йу дуккха а школаш, библиотекаш. Нохчийн, оьрсийн меттанашкахь араховцу исбаьхьаллин книгаш, газеташ. Вайн республикехь дехаш дуккха а къаьмнаш ду: нохчий, гIалгIай, оьрсий, ногIий, гIумкий, украинцаш, эрмалой, гIезалой, жуьгтий, хIирий, иштта дIа кхидерш а. (81 дош)

**16. Схьайазйе текст.**

Ши некъахо лаьмнашкахьа дІаволавелира. Дукха хан йалале бода буьйлира. Жимма дІавахча, ХІима дІакхачале, лохо техкина тхевнаш долчу цІеношна тІекхечира Халиддий, Аьстамиррий. Адамаш тосаделлачу жІаьло гІовгІа йаьккхира.

Иза йара хьуьнан хехо вехаш волу хІусам. ЖІаьлин гІовгІа хезна арайаьллачу хІусамнанас, Халиде маршалла а хаьттина, ши говр дІаІалашйира. Аьхке дІайалаза йелахь а, суьйре гІеххьа шийла йара лаьмнашкахь.

ГІеххьа де а даьлла, малх лакхабаьллера, хІара шиъ тІехь къиэгаш гуш ло долчу лаьмнашна гергакхаьчча. Хьун йацара. Гуш ира баххьаш долу лаьмнаш а, ира тІулгаш а дара. (81 дош)

*Хь.Хасаев*

**17. Схьайазйе текст.**

**ЧІегІардиг**

Берийн коьртех хьакхалуш бохург санна, хІаваъ цоьстуш дІахьаьдира чІегІардиг.

– ЧІегІардиг! ЧІегІардиг! – маьхьарий девлира берашка.

ХІора а вара и гина хазахеташ, дог декхаделла, самукъадаьлла. Ризванний, Решиддий вовшашка хьаьжира, ший а кхийтира дагахь долчух. Ког ма-боллу цІехьа дІахьаьдира.

– ХІей, аш хІун до? – тІаьхьа мохь туьйхира ЯрагІис.

– Баннаш дан сихвелла ведда! – бохура цхьаммо, воьлуш.

– Асчул дика-м дийр дац цара уьш! – деза элира ЯрагІис.

Вехьаш цІа кхаьчна Ризванний, Решиддий чІегІардиган бен болчу хьалахьаьжира. «Чкъар-чкъир» деш, йеха учи ца тоьуш, уьдура ши чІегІардиг, мох цоьстуш. (81 дош)

**18. Схьайазйе текст.**

**Жима Мохьмад**

Лагерехь хаза садоІуш дара бераш. Хьуьна йуккъехь йолчу цигахь цІена хІаваъ, сийна буц, бес-бесара зезагаш, олхазарш дара. Дешархоша, отрядашка а бекъабелла, хьуьнарш къуьйсура, волейболах, футболах, теннисах, баскетболах ловзура. Бераш отрядашка декъадаларал совнаха, шаьш вовшашца теснachу доттагІаллица а декъаделлера. Уьш шишша-кхоккха цхьаьна хуьлура.

Иштта кхо доттагІ вара Хьасанний, Васий, Мохьмаддий. Уьш даиманна а цхьаьна хуьлура, спортивни къийсадалар долчохь. Цигахь

Мохьмад шаьшшиннал жима хиларна, Хьасаний, Васяссий йукъа ца вуьтура.

– Мохьмад, хьо жима ву, хьо лазор ву, – бохуш, йуьстах туьттура цушимма. (82 дош)

*I.Ахмадов*

**19. Схьайазйе текст.**

**Асарахь**

Арахь аьхкенан йуьхь хилла. Схьакхеттачу маьлхан зIенарша лепош хилла баца тIера а, диттийн гIаш тIера а тхин тIадамаш. Iуьйренан сирла хIаваъ декош хилла олхазарийн тайп-тайпанчу эшарша. Царал тIаьхьа ца йиса гIерташ, бацалахь гIара эккхийтина йохкуш сагалматаш а хилла.

Шайн устазан урда тIера хьаьжкIаш асарх цIанйеш бохкучу мурдийн дегнаш а хилла шатайпа мукъаме эшарш лоькхуш. Болх атта а, сиха а беш хилла цара. Дукха хан йалале хьаьжкIийн цхьа аса бецах, йарех цIанйина цара. ПаргIатйевлла хьаьжкIийн зIийдигаш, самайевлла, гIийлачу мохехь техкаш, малхе кхевдда. (82 дош)

*М. Ахмадов*

**20. Схьайазйе текст.**

**Накхармозий**

БIаьсте тIекхачар хаийтира накхармозаша а.

Шийла Iа чекх ма-деллинехь, накхарш (тускарш) ара малхе хIиттийнера мазлагIалахь. Iуьйранна малх схьакхеташ шайн зевнаца меттахдевлира ца кIордош къахьоьгуш долу уьш. Цкъачунна мозий накхаршна гена ца довлура.

Шайн мекхаш дIаса а хьедеш, цара хIаваъ толлура. ХIаваъ шийла хилча, уьш гена ца довлуш а, оьгIазе а хуьлу, йуххе ваханчунна атта йу а тухуш.

Кхано, малх лакха а баьлла, де дохделча, мозийн гIовгIа чIагIйелира, уьш гена дIаэха а дуьйлира. Накхармозаша хаам бора, бIаьсте кхоччуш шен бакъоне йирзина хиларан хьокъехь. (83 дош)

**21. Схьайазйе текст.**

Кест-кеста вовшашна уллохь нислора жа дажош волу Ирбайханний, бажа бажош волу Ханпаший. Ханпашина цхьацца тайпа хьехамаш бора вокхачу стага. Цо цунна дуьйцура майраллех а, доьналлех а лаьцна. Ханпашас бокххачу безамца ладугIура вокххачу стага дуьйцучуьнга.

Дуьххьал дIа Ханпаша зерхьама, Ирбайхана элира:

– Ва, Паша, нехан бежнаш дажош лелар эхь ду ца аьлла хьоьга цхьаммо а?

– Эхь хьаха ду нахе сискал йоьхуш лелча, - сиха жоп делира Ханпашас.

– Кхул тоьлаш болх бацара хьуна кхузахь?

– Суна нефтекачке балха ваха лаьара, амма со дIа ца оьцу, жима ву бохуш. (84 дош)

*В. Матиев*

**22. Схьайазйе текст.**

**Дургал**

Баьццарчу аренашкара схьаоьхучу мозийн тIехьарчу шина кога тIехь гуш, кегийра мижаргаш санна, хIуманаш йара. Церан бан ма-беззара тидам бича, цхьа къайле гучуйолура. Оцу когаш тIехь йерг дургал йу.Иза мозийн кхача бу.

Дургал мозаша дIайуьллу накхар чохь жуьрган бенаш чу, бIаьстенан хенахь иза чIогIа оьшуш йу.

БIаьсте! Ирзуш, тогIеш, некъан йистош, бошмаш, баьццара, къорза куз тесча санна, зезагаша хазйой хуьлу. Оцу баьццарчу дуьненахь инзаре дукха зезагаш ду шайн беснаш тайп-тайпана долуш. Массо а тайпа бос болчу зезагашна тIерачу хIуьрах хуьлуш йу мозийн и дургал. (84 дош)

**23. Схьайазйе текст.**

**Шеран заманаш**

Аьхке. Уггаре а хаза хан. Бераш хьуьнах оьху. Луьйчу. Майданахь ловзу. Къеггина кхетта малх хуьлу. Ирча йу ткъа дешин духар дуьйхина гуьйре? Можачу гIаша биллина куз дитташна кIелахь Iуьллу. Мел хаза йу гуьйренан беш! Меллаша оьгу можа гIаш лаьтта. Царна хала ду диттех дIакъаста. Ткъа дитташа ца хоуьйту шайна хала дуй. Уьш меллаша доьлху...

Ткъа ирча ду Iа?! Хьийза а хьийзаш, хелха а дуьйлуш, оьгу лайн чимаш.

БIаьсте а йац хIумма а оьшуш! Iа чекхдаллалц са ца тохалуш, хьалакъеда къона буц, кегий гIаш... (85 дош)

**24. Схьайазйе текст.**

**Ден весет**

Цхьана стеган ворхI кIант хилла. Мацца а, шех лен цамгар кхетча, дас, кхайкхина и ворхIе кIант тIе а валийна, цаьрга аьлла:

– ВорхIе а ваха а гIой, цхьацца сара а бохьуш, чувола, ас со валале, цхьа весет дийр ду шуьга!

Цхьацца сара а бохьуш, ворхIе а чу а веана, дена хьалхха дIахIоьттина. Дас аьлла:

–Хьовсал, сан кIентий. И аш цхьаьна вовшахтоьхна ворхI сара санна, шу цхьаьна, бертахь, вовшийн гIо деш хилахь, шух аддам а кхаьрдар дац, амма шу вовшех довлахь, наха шу лорур дац. (85 дош)